Institututtıń 2019-jıl 9-noyabr kúngi 1047D/1- sanlı
buyrıǵına 1-qosımsha

# Studentler turar úyi haqqındaǵı
# Nızamı

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

1. Bul Reje institut Studentler (oqıwshılar) turar úyi (keyingi orınlarda turar úyi dep júritiledi)nda jasawdıń ulıwma qaǵıydaları, joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornınıń professor-oqıtıwshıları, studentleri (oqıwshıları)niń huqıq hám minnetleri hám de onıń xızmetin shólkemlestiriw tártibin belgileydi.
2. Turar úyinde studentlerdiń jasawı, óz ústinde óz betinshe islewi, dem alıwı hám de sport, kórkem óner hám basqa klublarǵa qatnasıwı ushın sharayatlar jaratıladı.
3. Turar úyi óz xızmetin Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám Nızamlarına, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları hám qararlarına, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń párman, qarar hám biyliklerine, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qarar hám biyliklerine, Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń prezidium qararları, buyrıqları, institut Ustavı, Keńesi qararları, institut rektorınıń buyrıqları hám de usı Rejege muwapıq alıp baradı.
4. Turar úyinde jasawshılar Ózbekstan Respublikası Ishki isler ministrligi tárepinen belgilengen qaǵıydalar tiykarında waqıtsha dizimge alınadı. Dizimge alıw islerin shólkemlestiriw turar úy basshısı tárepinen támiyinlenedi.
5. Turar úyinde institut xızmetkerleri hám studentlerdiń (oqıwshılardıń) shańaraq aǵzaları hám de jat adamlardıń jasawı ushın ruxsat beriw qatań qadaǵan etiledi.
6. Turar jayında jasaǵanı ushın tólem belgilew hám onıń muǵdarı joqarı oqıw ornı hám de 11-klass bazasında tólew-shártnama tiykarında oqıwshılar qabıl etetuǵın professional oqıw orınlarında pedagogikalıq Keńes qararı menen belgilenedi. Tolıq mámleket támiynatında bolǵan kásip-óner mektepleri hám akademiyalıq liceylerde turar jayı ushın tólem ámelge asırılmaydı.

## 2-bap. Studentler turar úyinde jasawshılardıń huqıq hám minnetleri

7. Turar jayında jasawshılardıń huqıqları:

Turar jayı binalarındaģı mádeniy-turmıslıq úskenelerden paydalanıw;

Paydalanıw ushın jaramsız halģa kelgen úskene, mebel hám basqa múlklerdi ońlaw, jańalaw hám de turmıslıq xızmetlerden paydalanıwda júzege kelgen kemshiliklerdi saplastırıwdı sorap turar jayı basshılarına múrájat etiw;

Turar jayında ótkiziletuģın ģalaba, mádeniy, sport hám tárbiyalıq ilajlarda qatnasıw;

Jaratılģan shárt-sharayatlar boyınsha joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı basshılarına usınıslar menen shıģıw;

Studentler (oqıwshılar) keńesi aģzaların saylaw hám oģan saylanıw;

Studentler (oqıwshılar) keńesi arqalı turar jayınıń turmıslıq támiynatın jetilistiriw, tárbiyalıq isler hám mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw, jasaw xanaların úskenelew boyınsha máselelerdi talqılawda qatnasıw;

8. Turar jayında jasawshılardıń minnetleri;

bul reje hám turar jayı ishki tártip qaģıydaları sonday-aq, joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı menen dúzilgen shártnama qaģıydalarına ámel qılıw;

náwbetshilik kestesine muwapıq jasaw xanalarında, etajlarda, ulıwma paydalanıw xanalarında (hájetxana, juwınıw xanası, asxana hám basqa orınlarda) náwbetshilik qılıw;

ulıwma paydalanıw orınları, jasaw xanaları hám de dem alıw orınlarında úlgili tazalıqtı shólkemlestiriw, ondaģı úskenelerden tuwrı hám únemli paydalanıw;

gaz, elektr úskenelerinen hám de ısıtıw sistemasınan paydalanıw qaģıydalarına qatań ámel qılıw hám olardan aqılģa muwapıq paydalanıw;

turar jayınan uzaq múddetke ketip baratırıp (jazģı hám qısqı kanikul, dem alıs, ámeliyat, akademiyalıq dem alıs alģan hallar) turar jayı basshısına aldınnan jazba túrde eskertip qoyıw;

kúndelikli paydalanıwdı talap etpeytuģın úlken kólemdegi jeke hám qımbat bahalı buyımlardı turar jayınıń buyımlar saqlaw xanasına tapsırıw;

jasap turģan xanası hám basqa ulıwma paydalanıw orınların mudamı taza hám tártipli tutıw;

turar jayında jasawshılar menen bárqulla shın kewilden, awızbirshilikli qatnasta bolıw;

turar jayındaģı ornatılģan barlıq úskenelerdi úlgili dárejede uslaw;

ulıwma paydalanıw orınlarına ornatılǵan jaqtılandırǵıshlar, elektr hám gaz plitaların buzbaw, juwınıw xanası, asxana hám de ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq xanalarınan tuwrı paydalanıw;

turar jayında ótkiziletuǵın dógerek átiraptı tazalaw hám kóklemzarlastırıw, abadanlastırıw islerinde turaqlı túrde qatnasıw;

turar jayı mal-múlkinen tuwrı hám únemli paydalanıw hám zıyan jetkizbew;

oqıwdı pitkergen yamasa studentler qatarınan shetlestirilgen, akademiyalıq dem alıs alǵan hallarda eki kún múddette, sonday-aq turar jayınan uzaq múddetke ketiwden aldan (jazǵı hám qısqı kanikul, dem alıs, ámeliyat) úskenelerdi hám xana giltin turar jayı basshısına qaytarıp beriw;

9. Turar jayında jasawshılarǵa tómendegiler qadaǵan etiledi:

turar jayı basshısınıń ruxsatısız bir xanadan ekinshi xanaǵa kóship ótiw;

jasaytuǵın xanasında kir juwıw;

xanadaǵı ánjamlardı basqa xanaǵa ruxsatsız kóshiriw;

xanadaǵı elektr tarmaqların óz erkinshe ózgertiw hám qosımsha jaqtırtqısh ornatıw, diywallarǵa súwret sızıw hám qıstırıw;

dawıstı kúsheytiwshi qurılmalardan paydalanıw, joqarı hawazda qosıq aytıw hám muzıka ásbapların shertiw (*muzıka hám kórkem ónerge qánigelesken baǵdar, topar, fakul'tet studentleri (oqıwshıları) jasaytuǵın turar jayları buǵan kirmeydi*);

elektr ısıtqıshlar hám kerosinnen paydalanıp isleytuǵın ásbaplardı isletiw;

jasaw xanasında jat adamlardıń qonıp qalıwı ushın orın beriw;

spirtli ishimlikler, náshebentlik zatlardı tutınıw, saqlaw, satıw hám de karta hám qumar oyınların oynaw hám t.b.;

turar jayı xanalarında diniy máresimlerge baylanıslı ilajlar, jıyınlar ótkiziliwi, diniy sabaq beriliwi hám úyreniliwi.

10. Turar jayı xızmetinde qatnasıwda belsendilik kórsetken úlgili minez-qulqqa iye student (oqıwshı) tómendegi tártipte xoshametlenedi:

minnetdarshılıq bildiriw;

maqtaw jarlıǵın tapsırıw;

estelik sawǵaları menen sıylıqlaw;

materiallıq xoshametlew.

11. Turar jayı ishki tártip qaǵıydaları, joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı ádep-ikramlılıq qaǵıydaların buzǵan studentke (oqıwshıǵa) tómendegi sharalar kóriledi:

- sógis já④riyalaw;

- turar jayınan shıǵarıw.

12. Joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornınan shetletilgen student (oqıwshı) bul haqkında buyrıq shıqqannan keyin yamasa basqa sebepler boyınsha turar jayınan shıǵıwı belgilengen student (oqıwshı) bir hápte múddet ishinde turar jayınan shıǵarıladı).

13. Student (oqıwshı) turar jayınan paydalanıp kiyatırǵan mal-múlkke tikkeley jetkizilgen haqıyqıy zıyandı tólewi shárt.

## 3-bap. Studentler turar úyiniń wazıypaları hám funkciyaları

14. Turar jayınıń tiykarǵı wazıypaları tómendegilerden ibarat:

studentlerdiń (oqıwshılardıń) tálim hám tárbiya alıwları ushın turar jayında múnásip shárt-sharayatlar jaratıw;

turar jayına jasaw ushın usınıs etilgen studentlerdi (oqıwshılardı) ornalastırıw, olardıń kontingenti menen nátiyjeli is alıp barıw;

turar jayında studentlerdiń (oqıwshılardıń) ózin-ózi basqarıwın shólkemlestiriw hám de ornatılǵan ishki tártip qaǵıydalarına ámel qılınıwın támiyinlew;

15. Turar jayı ózine júkletilgen wazıypalardı orınlaw maqsetinde tómendegi funkciyalardı ámelge asıradı:

a) studentlerdiń (oqıwshılardıń) tálim hám tárbiya alıwları ushın turar jayında múnásip shárt-sharayatlar jaratıwda;

turar jayı is jobasın búgingi kún talapları hám de studentlerdiń (oqıwshılardıń) erk-ıqrarları, jámiyetimizdegi reformalardı esapqa alǵan halda tayarlaw hám tastıyıqlaw ushın kiritiw;

turar jayında studentlerdiń (oqıwshılardıń) jasawı, óz ústinde óz betinshe islewi, dem alıwı hám de sport, kórkem óner hám basqa dógereklerde qatnasıwı ushın sharayatlar jaratıw;

turar jayında joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı tárepinen materiallıq-texnikalıq támiynatı onı kapital hám aǵımdaǵı ońlaw, binadaǵı qattı hám jumsaq mebel’, xana úskeneleri (kórpe-tósek, jamılǵıshlar hám basqalar), texnika qurallarын saqlaw, ońlaw, aymaqtı abadanlastırıw, tazalıǵın támiyinlew, kommunal-xojalıq xızmetleri (ıssı hám suwıq suw támiynatı, kanalizaciya, ıssı suw trubaların ońlaw) hám basqa shárt-sharayatlar jaratıw;

oqıw hám sabaq tayarlaw xanası, dem alıw xanası, medicina xanası, juwınıw xanası, buyımlardı saqlaw xanası, asxana, sport hám kino zalları hám ata-analar xanaların turarlı paydalanıwǵa jaramlı halda saqlaw;

studentlerdiń (oqıwshılardıń) bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw ushın joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı hám túrli shólkemler tárepinen joba tiykarında hám jobadan tısqarı ruwxıy-aǵartıwshılıq ilajların shólkemlestiriw;

b) Turar jayına jasaw ushın usınıs etilgen studentlerdi (oqıwshılardı) ornalastırıw, olardıń kontingenti menen nátiyjeli is alıp barıwda:

turar jayında jasawǵa usınıs etilgen studentler menen «Studentler (oqıwshılar) turar jayınan xana hám úskeneler beriw haqqında» shártnama hám «Studentler (oqıwshılar) turar jayınan xana hám úskenelerdi tapsırıw-qabıl qılıw» aktlerin dúziw hám medicinalıq kórikten ótkiziw menen baylanıslı islerdi shólkemlestiriw;

studentlerdi (oqıwshılardı) jasaw xanalarına ornalastırıw;

sanitariya-gigiena normalarınıń orınlanıwın támiyinlew;

hár bir jasaw xanası ushın xana sıyımlıǵınan kelip shıǵıp, jasaw ushın zárúr ánjamlar menen támiyinlew;

turar jayında jasaytuǵın studentlerdiń (oqıwshılardıń) jeke qaǵazı, olar haqqındaǵı ulıwma maǵlıwmatlar hám statistikalıq kestelerdi júritiw;

v) turar jayında studentlerdin (oqıwshılardıń) ózin-ózi basqarıwın shólkemlestiriw hám de ornatılǵan ishki tártip qaǵıydalarına ámel qılınıwın támiyinlew;

turar jayında studentlerdiń (oqıwshılardıń) ózin-ózi basqarıwın qáliplestiriw hám ámelge asırıw maqsetinde – Studentler (oqıwshılar) keńesi (keyingi orınlarda Keńes dep júritiledi) shólkemlestiriw;

turar jayında ornatılǵan ishki tártip qaǵıydalarına ámel qılınıwın támiyinlew.

## 4-bap. Studentler turar úyi xızmetin shólkemlestiriw

16. Turar jayı ornatılǵan talaplar tiykarında jumıs alıp barıwı ushın joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı rektorı (direktorı) tikkeley juwapker.

17. Turar jayında bes baslama xanaları, dem alıw xanaları, medicina xanası, asxana, hájetxana, juwınıw xanası, oqıw zalı, kitapxana, sport zalı, buyımlardı saqlaw xanası hám basqa xanalar shólkemlestiriledi.

18. Turar jayı asxana gaz plitaları, stol-stul, suw tarmaǵı, sanitariya úskeneleri menen támiyinleniwi hám de órt qáwipsizligi hám sanitariya talaplarına juwap beriwi shárt.

19. Turar jayın joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı rektorı (direktorı) tárepinen lawazımǵa tayınlanatuǵın hám lawazımınan

azat etiletuǵın studentler (oqıwshılar) turar jayı baslıǵı basqaradı. Baslıq turar jayınan paydalanıw, ishki tártip qaǵıydalarına ámel qılınıwın támiyinlew, studentlerge qolay sharayatlardı jaratıwdı shólkemlestiriw ushın juwapker esaplanadı.

Turar jayı shtatlar birligin támiyinlew, olardıń óz xızmet wazıypaların orınlawın qadaǵalaw, studentler (oqıwshılar) ushın zárúr shárt-sharayatlardı jaratıp beriw hám sociallıq jaqtan qorǵaw hám de studentler (oqıwshılar) ortasında shólkemlestiriwshilik, xojalıq, huqıqıy-tárbiyalıq islerdi alıp barıw turar jayı basshısı tárepinen ámelge asırıladı.

20. Turar jayında baslıq basqarıwında shtatlar kestesine muwapıq belgilenetuǵın xızmetkerler xızmet kórsetedi.

Oqıw ornında 1000 nan aslam student jasaytuǵın úsh yaki onnan zıyat bir-birine jaqın turıwshı studentler turar jayları studentler qalashasına birlestiriliwi múmkin. Studentler qalashası shólkemlestirilgende 1 birlik esabında studentler qalashası direktorı lawazımı kiritiledi.

21. Turar jayında alıp barılıp atırǵan islerdi muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw juwapkershiligi joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı jaslar menen islesiw boyınsha prorektorı (ruwxıy-aǵartıwshılıq isler boyınsha direktor orınbasarı) moynına júklenedi.

22. Joqarı oqıw orınları turar jayında ruwxıy-aǵartıwshılıq tárbiya nátiyjeliligi ushın tikkeley pedagog-tárbiyashı (tárbiyashı) juwapker esaplanadı. Pedagog-tárbiyashı (tárbiyashı) nın is jobası joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı jaslar menen islesiw boyınsha prorektorı (ruwxıy-aǵartıwshılıq isler boyınsha direktor orınbasarı) tárepinen tastıyıqlanadı hám de onı xızmetin muwapıqlastıradı.

23. Turar jayında jasawǵa usınıs etilgen studentler (oqıwshılar) menen «Studentler (oqıwshılar) turar jayınan xana hám úskeneler beriw haqqında» shártnama hám «Studentler (oqıwshılar) turar jayınan xana hám úskenelerdi tapsırıw-qabıl qılıw» aktleri dúziledi hám de studentlerdi (oqıwshılardı) medicinalıq kórikten ótkiziw menen baylanıslı islerdi shólkemlestiredi.

24. Turar jayında jasaw ushın studentler tárepinen tólenetuǵın tólew muǵdarı hár oqıw jılı basında joqarı oqıw ornı Keńesiniń tiyisli qararı menen belgilenedi. Turar jayında jasaǵanı ushın tólewlerdi ámelge asırıw múddetleri shártnamada belgilenedi.

Student-oqıwshılardıń jazǵı kanikul dáwiri ushın tólew ámelge asırılmaydı.

25. Turar jayında jasaǵanı ushın belgilengen tólewlerdi ámelge asırıwda joqarı oqıw ornınıң tómendegi tayıpadaǵı studentlerge jeńillikler joqarı oqıw ornı Keńesi tárepinen beriliwi múmkin:

kóz kesellikleri boyınsha 1-2-topar mayıpları, shın jetim hám jetim (ata-analarınıń birewi qaytıs bolǵan), Mehribanlıq úyi tárbiyalanıwshıları hám kem támiyinlengen studentlerdi (oqıwshılardı) tólemnen azat etiw;

ulıwma kesellikler boyınsha 2-topar mayıpları, óz wazıypasın úlgili orınlap kiyatırǵan Keńes baslıǵı, etaj sárdarları hám de turar jayı kitapxanası ushın juwapker studentler ushın ulıwma tólemnen 50 procent shegiriw.

26. Student hám oqıwshılardı turar jaylarına ornalastırıwda bar orınlarǵa mútájlik hám talap joqarı bolǵan halatlarda tómendegi ólshemler izbe-izligi tiykarında oqıwshı hám studentler ústinlikke iye boladı:

- Shın jetim student-oqıwshılar (kursına qaramastan);
- «Mehribanlıq úyleri» tárbiyalanıwshıları;
- Nágiranlıǵı bolǵan student-oqıwshılar (kursına qaramastan);
- Sociallıq qorǵawǵa mútáj, materiallıq awhalı awır studentler (sonday-aq bir shaңaraqta 2 yamasa onnan artıq adam tólew-shártnama tiykarında oqıp atırǵan bolsa);
- Shet elden kelip oqıp atırǵan studentler;
- 1-2-kurs studentleri;
- Student (oqıwshı) qızlar;
- Jaslar awqamınıń belsendileri;
- Xalıq aralıq kólemdegi pán olimpiadalarında jeńimpaz bolǵan studentler;
- Jazǵı kanikul dáwirinde «Fidokor» jaslar miynet otryadı quramındaǵı studentler turar jayların ońlawda qatnasqan studentler;
- Studentler turar jayında turarlı ráwishte studentler keńesi baslıǵı, etaj sárdarları hám basqa tárepleri menen turarlı túrde belsendilik kórsetip kiyatırǵan studentler;

27. Turar jayınıń jıllıq is jobası joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı rektorı (direktorı) tárepinen tastıyıqlanadı hám hár yarım jılda óz iskerligi boyınsha joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı rektorı (direktorı) Keńesine esap beredi;

Turar jayınıń jıllıq is jobası alıp barılatuǵın ruwxıy-aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq islerdi de qamtıp aladı. Is joba joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornınıń basqa quramlıq bólimleri hám jámáátlik shólkemler menen birgelikte ámelge asırıladı.

28. Turar jayında ámelge asırılatuǵın ruwxıy-aǵartıwshılıq isler joba tiykarında túrli shólkemlerdi tartqan halda alıp barılıwı múmkin.

29. Turar jayında alıp barılatuǵın ruwxıy-aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq isler joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı jaslar menen islesiw boyınsha prorektorı (direktor orınbasarı) tárepinen muwapıqlastıradı.

## 5-bap. Studentler turar úyinde studentlerdiń ózin-ózi basqarıwın shólkemlestiriw.

30. Turar jayında studentlerdiń (oqıwshılardıń) ózin-ózi basqarıwın qáliplestiriw hám ámelge asırıw maqsetinde Keńes dúziledi.

31. Keńes óz xızmetin Ózbekstan Jaslar awqamı, joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı baslanǵısh shólkemi haqqında hám Studentler keńesi haqkında rejeler tiykarında dúzedi hám alıp baradı.

32. Keńes baslıǵı jumıs alıp barǵan dáwirde turar jayı baslıǵınıń jaslar boyınsha másláhátshisi esaplanadı.

33. Keńestiń is jobası hám baǵdarlaması Keńes baslıǵı tárepinen islep shıǵılıp, basqarıw aǵzaları pedagog-tárbiyashı menen talqılanadı hám de joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı jasar menen islesiw boyınsha prorektorı (direktor orınbasarı) tárepinen tastıyıqlanadı.

34. Jasawshılardı xoshametlew yamasa intizamlıq sharalar kóriw máselesi Keńes penen kelisilgen halda sheshiledi.

## 6-bap. Studentler turar úyi xızmetin qadaǵalaw

35. Turar jayı xızmeti joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı basshıları hám jámiyetlik shólkemler tárepinen arnawlı joba tiykarında úyrenip barıladı hám de onıń nátiyjeleri joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornı Keńesi jıynalıslarında talqılanadı.

36. Joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw ornınıń tiyisli prorektorları (direktor orınbasarları) tárepinen turarlı qadaǵalanıp barıladı hám óz baǵdarı boyınsha wazıypalardı ámelge asırıw boyınsha rektorǵa usınıslar kiritedi.

37. Turar jayında bildirilgen oy-pikirlerdi jazıw ushın dizimge alıw dápteri (mórlengen) bolıwı lazım.

38. Sociallıq tarmaqlarda studentler pikirlerin qabıl etiw shólkemlestiriledi hám jasawshılar tárepinen bildirilgen oy-pikirler hár háptede bir márte turar jayında tiyisli fakul’tet basshıları hám turar jay

baslıǵı hám Keńes penen birgelikte úyrenilip, talqılanadı hám de tiyisli is-ilajlar ámelge asırıladı.

## 7-bap. Juwmaqlawshı qaǵıydalar

39. Turar jayın qayta shólkemlestiriw hám jabıw nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte ámelge asırıladı.

Instituttıń 2019-jıl 9-noyabr kúngi 1047D/1-sanlı
buyrıǵına 2- qosımsha

# Studentler turar úyiniiń
# IShKI TÁRTIP QAǴİYDALARİ

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

1. Usı Qaǵıydalar Studentler (oqıwshılar) turar jayı (keyingi waqıtlarda turar jay dep júrgiziledi) nda óz ara qatnas mádeniyatır hám de salamat mádeniy hám social-psixologiyalıq ortalıqtı támiyinlew hám de rawajlandırıw, sonday-aq, turar jayda jasawdı, úskenelerden, ulıwma paydalanıw jaylarınan paydalanıwdı, turar jayda jasawshı hám xızmetkerlerdiń huqıq hám májbúriyatlardı, turar jayǵa kirip-shıǵıwdı tártipke salıw maqsetinde, joqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınları barlıq xızmetker hám studentler tárepinen turar jay aymaǵında ámel etiwi shárt bolǵan ishki tártip-qaǵıydanı belgileydi.

2. Usı Qaǵıydada tómendegi tiykarǵı túsiniklerden paydalanıladı:

**xızmetker –** belgilengen jasqa jetken hám de joqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınları menen miynet shártnamasın dúzgen puqara;

**náwbetshi –** náwbetshilik kestesine muwapıq náwbetshilikte turatuǵın pedagog hám basqa xızmetkerler;

**talaba –** joqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınlarına studentlikke qabıl etilgen puqara;

**jasawshı –** turar jayda jasap atırǵan joqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınları studenti (oqıwshısı);

**Studentler (oqıwshılar) turar jayına studentlerdi (oqıwshılardı) jaylastırıw boyınsha komissiya –** studentlerdi (okıwshılardı) sociallıq qorǵaw etiw, olardıń qáwipsizligin hám tınıshlıǵın támiyinlew, jasaw sharayatınan bárhama barlıq waqıtta xabardar bolıp turıw hám de turar jayǵa jaylastırıwda sociallıq ádalat, teńlik, insanpárwarlıq hám áshkaralıqtı támiyinlew maqsetinde hár oqıw jılı basında joqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınları rektorı (direktorı) buyrıǵı menen dúzilgen komissiya.

## 2-bap. Studentler turar úyinen úy hám úskenelerdi alıw hám qaytarıw tártibi

3. Turar jayǵa studentlerdi (oqıwshılardı) jaylastırıw hár oqıw jılı basında Studentler (oqıwshılar) turar jayına studentlerdi (oqıwshılardı) jaylastırıw boyınsha komissiya (keyingi waqıtlarda komissiya dep júrgiziledi) qararına muwapıq ámelge asırıladı. Komissya qararı bayanlama menen rásmiylestiriledi.

Komissiyaǵa lawazımı boyınsha joqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınları jaslar menen islesiw boyınsha prorektorı (direktor orınbasarı) basshılıq etedi.

Turar jayda jasawǵa ruxsat alıw ushın studentler (oqıwshılar) arza menen komissiyaǵa múrájáát etedi.

Komissiya óz xızmetin bir oqıw jılı dawamında ámelge asıradı. Komissiya studentlerdiń turar jayında jasaw ushın ruxsat beriw (biykarlaw) máselelerin kórip shıǵadı. Komissiya óz xızmetinde sociallıq ádalat principlerinen kelip shıǵıp, eń birinshi gezekte shın jetim, jetim, baǵıwshısın ayırılǵan (ata-anası qaytıs bolǵanlıǵı haqqındaǵı gúwalıǵı usınǵanda etilgende), II yaki III topar nagiranı (nagiranlıq haqqındaǵı hújjet usınǵanda). Kem támiyinlengen shańaraqlardan bolǵan hám shet el studentlerin birinshi gezekte turar jayǵa ruqsat beriwge itibar beredi.

Komissiya qararına kóre, turar jayda jasawǵa ruqsat berilgen studentler (oqıwshılar) tárepinen jay hám úskeneler alıw, ulıwma paydalanıwı ushın Joqarı hám orta arnawlı, professional tálim orınları menen óz ara shártnama dúziledi.

Turar jayda jasawǵa ruqsat beriw haqqındaǵı komissiya qararı student (oqıwshı) oqıwdı tamamlaǵanǵa shekem ámel etedi. Eger jasawshı turar jayı ishki tártip qaǵıydaların basqa studentlerdi buzsa, shártnama belgilengen múddetlerde tólewlerdi ámelge asırmasa, onıń menen dúzilgen shártnama biykar etiledi hám jasawshı turar jaydan shıǵarılıp jiberiledi.

4. Student (oqıwshı) menen shártnama dúzilgende, Joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları basshısı jay hám úskenelerdi usınadı hám de usı Qaǵıydalar menen tanıstıradı.

5. Turar jayda jasawǵa ruqsat berilgennen soń jasawshınıń turar jaydaǵı jasawı, jámáát jumıslarında aktivligi hám t.b. halatlar bárhama monitoring etiledi.

Oqıw jılı aqırında alıp barılǵan monitoring nátiyjesinde analiz etiledi hám de joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları hám turar jay administraciyası tárepinen jasawshı menen dúzilgen shártnamanı sozıw hám sozbaslıq máselelerin kórip shıǵadı hám jasawshıǵa daǵaza etedi.

6. Turar jaydan jay hám úskeneler alıwda nızamda belgilengen sociallıq qorǵawǵa mútáj shaxslar, sonnan, shın jetim, jetim, mehriybanlıq úyi tárbiyalanıwshısı, nagiran, baǵıwshısınan ayırılǵan, kem támiyinlengen studentler jeńillik huqıqına iye boladı.

7. Turar jayda jasaw ushın alınatuǵın haqı muǵdarı joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları Keńesi tárepinen belgilenedi.

8. Jasawshılar zárúrlik tuwılsa, jasaw dáwirinde turar jay basshısınıń ruxsatı menen turar jaydıń bir xanasınan ekinshi xanasına yaki turar jaydaǵı bir binadan ekinshi binaǵa kóship ótiwi múmkin.

9. Shártnama múddeti tamam bolǵannan soń jasawshı turar jay basshısına xana hám úskenelerdi pútin, taza hám azada halda qaytaradı. Jasawshı, sonday-aq, oqıwdı tamamlaǵan yaki studentler (oqıwshılar) qatarınan shetlettirilgen, akademiyalıq dem alıs alǵan jaǵdaylarda eki kún múddette, sonday-aq, turar jaydan uzaq múddetke ketiwden aldın (jazǵı yaki qısqı dem alıs, dem alıs, ámeliyat) úskenelerdi xana giltin turar jay basshısına qaytarıp tapsırıwı shárt.

10. Jasawshılar shaxsiy múlkten paydalanıwı arnawlı dizimge alıw haqqındaǵı hújjet arqalı ámelge asırıladı hám olardıń saqlanıwın támiyinlew, paydalanıwǵa alǵan shaxsqa júkletiledi.

## 3-bap. Studentler turar úyiniń jasaw xanaları, ulıwma paydalanıw jaylarındaǵı tártip

11. Turar jay jasaw xanaları, ulıwma paydalanıw jayları (tualet, juwınıw xanası, asxana hám basqa jaylar) da sanitariya-gigiena talapları támiyinleniwi shárt.

12. Turar jayda jasawshılar jasaw xanası, úskeneler, ulıwma paydalanıw jayları pútinligi, taza hám azadalıǵın saqlawı lazım.

13. Turar jay binası átirapı, xanalar, ulıwma paydalanıw jaylarında jámáát tártibin saqlaw, tazalıqtı támiyinlew maqsetinde studentler arasınan náwbetshilik shólkemlestiriledi.

## 4-bap. Studentler turar úyine kiriw-shıǵıw tártibi

14. Turar jayǵa student (oqıwshı) nıń kiriw hám shıǵıwı studentlik (oqıwshı) gúwalıǵı tiykarında ámelge asırıladı.

15. Turar jayda jasawshılarǵa jazǵı waqıtta keshki saat 22:00 hám qısqa waqıtta keshki saat 21:00 ge shekem turar jayǵa kiriwge ruxsat beriledi. Sabaqtan bos waqıtlarında túrli shólkemlerde isleytuǵın, túrli ilájlarda qatnasatuǵın jasawshılardıń dizimi turar jay basshısı tárepinen

dúziledi hám tastıyıqlap qoyıladı. Usı shaxslarǵa jáne de sonı aytıp ótiwimiz múmkin turar jayǵa kúni-túni kirip-shıǵıwǵa ruqsat beriliwi múmkin.

16. Turar jayǵa kelgen miymanlar, ata-analar, tuwısqanlar, doslar hám basqa studentler (oqıwshılar) diń kirip-shıǵıwına tek ǵana turar jay basshısı yaki náwbetshi ruxsat beriwi múmkin.

17. Turar jayǵa basqa jerlerden kelgenler haqqındaǵı maǵlıwmatlar (keliw hám ketiw waqtı, pasport (shaxsın tastıyıqlawshı hújjet) maǵlıwmatları, xana sanı kórsetilgen halda) tiyisli jurnalǵa jazıp qoyıladı hám olardıń turar jaydan saat 20:00 ge shekem shıǵıp ketiwi qatań qadaǵalaw astında bolıwı shárt. Olardıń óz waqtında turar jaydan shıǵıp ketiwin támiyinlew usınıs etken shaxsqa júkletiledi.

18. Joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları studenti (oqıwshısı), sonday-aq, turar jayda jasamaytuǵın basqa shaxslar tárepinen turar jay xanasınan paydalanıwǵa ruxsat beriw yaki imkaniyat jaratıw usı Qaǵıydalardı qopal ráwishte buzıw esaplanadı hám bunday shaxsqa tiyisli intizamlıq juwapkershilik sharası qollanıladı.

19. Turar jay qarawılı, xızmetkerler hám  jasawshılar turar jay átiraplarında gúmanlı adamlar hám buyımlardı kórip yaki sezip qalǵanda, tezlik penen ishki isler organları yaki tiyisli shólkemler hám de joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları adminstraciyasına xabar beriwi lazım.

20. Turar jay qarawılı sırtqı hám ishki telefon tarmaǵı menen támiyinleniwi shárt. Onıń stolında tez járdem, ishki isler organları, órt qáwipsizligi, elektr, gaz tarmaqları, hákimiyat, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw mirnistrligi, rektor (direktor), prorektorlar (direktor orınbasarları), fakul’tet dekanları, turar jay basshısınıń jumıs, úy hám mobil’ telefon nomerleri bolıwı shárt.

21. Turar jaydan buyımlar, úskeneler alıp shıǵıp ketiwine tek ǵana tiyisli tártipte rásmiylestirilgen buxgalteriya hújjeti tiykarında ruqsat beriledi (tiyisli tártipte dizimge alınǵan shaxsiy buyımlar buǵan kirmeydi).

## 5-bap. Studentler turar úyinde jasawshılardıń huqıq hám májbúriyatları

22. Turar jayda jasawshılar tómendegi huqıqlardan paydalanıladı:

ózine ajıratılǵan xanada ornatılǵan ishki tártip-qaǵıydalarına ámel etken halda jasaw;

turar jay binalarındaǵı mádeniy-turmıslıq úskenelerden paydalanıw;

paydalanıwǵa jaramsız jaǵdayǵa kelgen úskene, mebel hám basqa buyımlardı ońlaw, jańalawdı hám turmıslıq xızmetlerden paydalanıwda júzege kelgen kemshiliklerdi dúzetiwdi saplastırıwdı múrájáát etiw;

turar jayda ótkeriletuǵın ǵalaba-mádeniy, sport hám tárbiyalıq ilájlarde qatnasıw;

jaratılǵan shárt-sharayatlar boyınsha joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları adminstraciyasına usınıslar menen shıǵıw;

Studentler Keńesiniń aǵzaların saylaw hám de oǵan saylanıw;

Studentler Keńesi arqalı turar jaydıń turmıslıq támiynatı rawajlandırıw, tárbiyalıq jumıslardı hám mádeniy dem asıllardı shólkemlestiriw, jasaw xanaların úskenelew boyınsha máselelerdi sheshiwge qatnasıw.

23. Turar jayda jasawshılar tómendegi májbúriyatlardı ózine aladı:

usı qaǵıydalarǵa qatań ámel etiw;

náwbetshilik kestesine bola jasaw xanalarında, qabatlarda, ulıwma paydalanıw jayları (tualet, juwınıw xanası, asxana hám basqa jaylar) da náwbetshilik etiw;

ulıwma paydalanıw jayları, jasaw xanaları hám de dem alıw jaylarında úlgili tazalıqtı shólkemlestiriw, ondaǵı úskenelerden durıs hám ónimli paydalanıw;

gaz, elektr úskenelerinen hám de ısıtıw sistemasınan paydalanıw qaǵıydalarına qatań ámel etiw hám olardan aqılǵa uǵras paydalanıw;

turar jaydan uzaq múddetke ketip baratırıp (jazǵı hám qısqı dem alıs, dem alıs, ámeliyat, akademiyalıq dem alıs alǵan jaǵdaylarda), turar jay basshısınıń eki kún aldın jazba ráwishte eskertip qoyıw;

kúndelik mútájlikke iye bolmaǵan úlken kólemdegi shaxsiy hám qımbat bahalı buyımlardı turar jaydıń buyımlar saqlaw xanasına tapsırıw;

jasap turǵan xanası hám basqa ulıwma paydalanıw jayların barlıq waqıtta taza hám tártipli tutıw;

turar jaydaǵı bar bolǵan úskenelerdi úlgili dárejede tutıw;

ulıwma paydalanıw jaylarına ornatılǵan jaqtılandırıwlar, elektr hám gaz plitaların buzbaw, juwınıw xanası, asxana hám de ruwxıy hám aǵartıwshılıq xanalarınan durıs paydalanıw;

turar jayda ótkeriletuǵın shembiliklerde, dógerek-átiraptı kóklemzarlastırıw hám abadanlastırıw jumıslarına qalmay qatnasıw;

turar jay mal-múlkten durıs hám ónimli paydalanıw hám zárer jetkizbew;

oqıwdı tamamlaǵannan soń yaki studentler qatarınan shıǵarılǵannan soń, akademiyalıq dem alıs alǵan jaǵdaylarda eki kún múddette, sonday-

aq, turar jaydan uzaq múddetke ketiwden aldın (jazǵı hám qısqı dem alıs, ámeliyat) úskenelerdi hám xana giltin turar jay basshısına qaytarıp tapsırıw.

24. Turar jayda jasawshılarǵa tómendegiler qatań qadaǵan etiledi:

aynadan shıǵıwdı hám basqa nárselerdi taslaw;

esik qulıpların turar jay basshısı ruxsatısız almasıtırıw;

jasaw xanasında kiyimlerdi juwıw, energiya tarmaqları (ótkizgishler) dı óz qálewinshe ózgertiriw, olarǵa baylanısıw hám qosımsha jaqtılandırıw ornatıw;

jasaw xanasında orgtexnika úskeneleri, sonnan kóshirme kóshiriw, reńli hám reńsiz printer hám de túrli baspa áspab-úskenelerin isletiw (noutbuk, planshetler buǵan kirmeydi);

xana diwallarınıń kórinisin ózgertiriw, dawıs shıǵarıwshı qurılmalar dawısın hám basqa dawıslardı xana sırtınan esitiliwine jol qoyıw hám muzıka áspabların shertiw;

qáwipli hám órt shıǵarıwı múmkin bolǵan zatlar, tiyisli tekseriwden ótpegen úskenelerden paydalanıw yaki saqlaw;

turar jay basshısı yaki náwbetshisi ruxsatsız belgisiz adamlardıń xanada bolıwına jol qoyıw, xana giltlerin belgisiz shaxslarǵa beriw, ózbasımshalıq menen jasaw xanaların ózgertiriw;

úy (jabayı) haywanlardı saqlaw;

turar jayǵa tiyisli komp'yuter, kabel tarmaqlarına ózbasımshalıq penen yaki tiyisli ruxsatsız baylanısıw;

jasaw xanasında basqa shaxslarǵa kesent beretuǵın úlken ónimlerdi saqlaw;

turar jay aymaǵında más halatta bolıw, spirtli ishimlikler, temeki ónimleri, narkotik hám de psixotrop zatlardı saqlaw eki paydalanıw.

## 6-bap. Studentler turar úyi baslıǵınıń huqıq hám májbúriyatları

25. Turar jay basshısı tómendegi huqıqlarǵa iye:

turar jay turmısında aktiv qatnasıp atırǵan minez-qulı úlgili studentlerdi xoshametlew boyınsha joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları adminstraciyasına usınıs kirgiziw;

jasawshılardıń turar jaydıń bir xanasınan basqa xanasına kóshiriw;

ayırıqsha jaǵdaylar, xana giltleri óz waqtında tapsırılmaǵan jaǵdaylarda xana qulıpların ashıw;

turar jayda belgilengen tártip hám qaǵıydalar jasawshı tárepinen buzılǵanda yaki májbúriyatlar orınlılmaǵanda ornatılǵan tártipte jaza

ilájların kóriw boyınsha joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları adminstraciyasına usınıs kirgiziw;

26. Turar jay basshısı:

belgilengen tártipte xana hám úskenelerdi óz waqtında jasawǵa paydalanıwǵa beriw;

jasawshılardıń jasaw xanaları taza hám azadalıǵın qadaǵalaw hám jasaw sharayatın barlıq waqıtta tekserip barıw;

turar jayda jasaw shárayatların jaqsılaw hám de ápiwayı hám kapital remontlaw boyınsha ilájlar kóriw;

jasawshıǵa berilgen úskenelerdiń jaramlılıǵın barlıq waqıtta qadaǵalaw;

tárbiyalıq, mádeniy ham de sport-salamatlastırıw shınıǵıwları tádbirlerin shólkemlestiriw;

órt qáwipsizligi hám jámmáátlik tártiptiń saqlanıwın támiyinlew;

tóseklerdi óz waqtında almastırıw boyınsha ilájlar kóriw;

turar jayı hár bir xanaları sanitariya-gigiena halatın, sonnan gigiena xanaları (tualet, juwınıw, asxana hám t.b.) dı, bar santexnika qurılmaları, ıssılıq, gaz, elektr támiynatı sistemaları halatın talap dárejesinde bolıwın támiyinlew;

turar jay energiya támiynatı sistemasındaǵı buzılıwlardı tezlik penen ońlaw ilájların kóriw;

kommunal xızmetlerinde úzilisler júz bergende hám basqa avariya hám de ayırıqsha jaǵdaylarda tiyisli tezlik penen ilájlar kóriw, sonday-aq, joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları adminstraciyasın xabardar etiw;

huqıqbuzarlıqtıń aldın alıw, studentler menen sáwbet hám de tiyisli túsindiriw jumısların ótkeriw, zárúrlikke kóre másláhatler shólkemlestiriw;

turar jayǵa keliwshilerdi qadaǵalaw;

usı Qaǵıydalarǵa ámel etiliwin támiyinlew májbúriyatın aladı.

27. Turar jaydıń qáwipsiz xızmeti ushın shárt-shárayatlar jaratıw, studentler qáwipsizligin úzliksiz ráwishte támiyinlew, jaslar menen alıp barılatuǵın tárbiyalıq jumıslardıń tásirsheńligin asırıw, joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları xızmetkerleri hám studentleri ortasında óz ara qatnas mádeniyatın rawajlandırıw, barlıq jasawshılar Tárepinen studentler (oqıwshı) turar jayı haqqındaǵı Nızam, usı Qaǵıydalar hám joqarı hám orta arnawlı, professional oqıw orınları ádep-ikramlıq qaǵıydaları hám de ishki tártip-qaǵıydalarǵa ámel etiliwin támiyinlew ushın turar jayı binalarında pedagog hám basqa

xızmetkerlerden ibarat náwbetshilik dúziledi. Náwbetshilikti ótkeriw belgilengen tártipte ámelge  asırıladı.

## 7-bap. Juwmaqlawshı qaǵıydalar

28. Usı Qaǵıydanı buzǵan jasawshılarǵa tómendegi juwapkershilik sharaları qollanılıwı múmkin:

sógis alıw múmkin;

turar jaydan shıǵarılıp jiberiw;

studentler qatarınan shıǵarıw;

29. Usı Qaǵıydanı buzǵan turar jayda jasawshılarǵa nızam hújjetlerinde belgilengen basqa juwapkershilik sharaları da qollanılıwı múmkin.

Institituttın 2019-jıl 9-noyabr kúngi 1047D/1
sanlı buyrıǵına 3- qosımsha

**Xızmetkerlerdiń studentler turar úyinde náwbetshilikti ótkeriw haqqında**
**REJE**

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

1. Usı Reje Joqarı hám orta arnawlı, professional' bilimlendiriw orınları (keyingi waqıtlarda bilimlendiriw orınları dep júrgiziledi) Studentler (oqıwshılar) turar jayı (keyingi waqıtlarda turar jay dep júrgiziledi) nda náwbetshilik náwbetshilikti shólkemlestiriw, náwbetshiliktiń huqıq hám májbúriyatların tártipke saladı.

2. Usı Nızamda tómendegi tiykarǵı túsiniklerden paydalanıladı:

**náwbetshi –** náwbetshilik kestesine muwapıq náwbetshilikti atqarıwshı pedagog hám basqa xızmetker;

**náwbetshi –** náwbetshilikti ámelge asırıw boyınsha bárhama qadaǵaladı támiyinlew maqsetinde, hár oqıw jılı ushın bilimlendiriw orınları basshısı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan keste;

**jasawshı –** turar jayda jasap atırǵan bilimlendiriw orınları studenti (oqıwshısı).

## 2-bap. Náwbetshiliktiń maqset hám wazıypaları

3. Náwbetshilikti shólkemlestiriwdegi maqset turar jaydıń qáwipsiz xızmeti ushın shárt-sharayatlar jaratıw, studentler qáwipsizligin úzliksiz támiyinlew, jasalar menen alıp barılıp atırǵan tárbiyalıq jumıslardıń tásirsheńligin asırıw, bilimlendiriw orınları xızmetkerleri hám studentleri ortasında óz ara qatnas mádeniyatın rawajlandırıw, barlıq jasawshılar tárepinen Studentler (oqıwshılar) turar jayı haqqında nızam, Studentler (oqıwshılar) turar jayı tártip qaǵıydaları hám bilimlendiriw orınları ádep-ikramlıq qaǵıydalarına ámel etiwdi támiyinlew.

4. Náwbetshiliktiń wazıypaları:

turar jayda tazalıq hám tártipti, mal-múlikti saqlanıwın;

turar jayda belgisiz shaxslar hám qáwipler predmetler bolmawın;

turar jay binaları hám olarǵa tutas aymaqlardıń sanitariya-gigenalıq jaǵdayların qanaatlandırarlı dárejede saqlaw, ıssılıq támiynatı, aqaba-

suw, elektr, telefon baylanıs sistemalarınıń kewildegidey hám qáwipsiz bolıwın;

ayırıqsha jaǵdaylar júz bergende, tez háreket etiw hájoqarı hám orta arnawlı, professional bilimlendiriw orınları tiyisli sharalar kóriwin támiyinlew.

## 3-bap. Náwbetshilikti shólkemlestiriw

5. Náwbetshilikti shólkemlestiriw hám oǵan basshılıq etiw bilimlendiriw orınları jaslar menen islesiw boyınsha prorektor (direktr orınbasarı) na júkletiledi.

6. Náwbetshilik tolıq oqıw jılı dawamında hár kúni, sonnan bayram hám dem alıs kúnleri shólkemlestiriledi. Náwbetshilikke bilimendiriw orınlarınıń tiykarǵı shtatta islewshi xızmetkerleri qoyıladı.

7. Náwbetshilik kestesine tiykarlanıp, náwbetshilik hár kúni 18.00 den 08.00 ge shekem ótkeriledi. Demalıs hám bayram kúnleri náwbetshilik saat 08.00 den baslap 24 saat dawam etedi.

Náwbetshiliktiń ótiwi boyınsha shaǵım hám usınıslar náwbetshi xanasında saqlanatuǵın náwbetshilikti dizimge alıw jurnalına jazıp barıladı. Turar jay baslıǵı usı náwbetshilikti dizimge alıw jurnalınıń júrgiziliwine juwapker esaplanadı.

Náwbetshilikti dizimge alıw jurnalı nızamnıń 1-qosımshasında keltirilgen formaǵa muwapıq rásmiylestiriledi.

8. Studentlerdiń turar jayına kiriw Studentler (oqıwshılar) turar jayı ishki tártip-qaǵıydaları boyınsha tiyisli hújjet tiykarında ámelge asırıladı. Qáwipsizlikti támiyinlew maqsetinde biygana shaxslardıń turar jayǵa kiriwi qadaǵan etiliwi múmkin.

Ayırım jaǵdaylarda turar jayǵa kiriwge ruqsat berilgen biygana shaxslardıń F.I.Sh., keliw maqseti, turar jayǵa kiriw hám shıǵıp ketiw waqtın náwbetshi belgilengen tártipte tiyisli jurnalǵa kirgiziwi tiyis.

9. Turar jay baslıǵı náwbetshilik kestesine ámel etiliwi ústinen qadaǵalaydı hám náwbetshi bolmaǵan jaǵdaylarda Jaslar menen islesiw, ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq bólimi baslıǵın xabardar etedi.

## 4-bap. Náwbetshilerdiń huqıq hám májbúriyatları

10. Náwbetshi tómendegi huqıqlarǵa iye:

Náwbetshilik waqtında jasawshılardan Studentler (oqıwshılar) turar jayı haqqındaǵı nızam, Studentler (oqıwshılar) turar jayı ishki tártip-

qağıydaları hám oqıw orınları ádep-ikramlılıq qǵıydalarına ámel etiwdi talap etiw;

jasawshı ushın májbúriy kórsetpeler beriw;

jasaytuǵın xanalardı sanitariya-gigienalıq talaplarǵa, ishki tártip-qağıydalarǵa ámel etiliwin támiyinlew maqsetinde kirip tekseriw;

turar jayǵa kiriwshi yamasa kirgen biygana shaxslardan ózin tastıyıqlawshı hújjetlerdi talap etiw;

náwbetshilik waqtında Studentler (oqıwshılar) turar jayı haqqındağı nızam, Studentler (oqıwshılar) turar jayı ishki tártip-qağıydaları hám oqıw orınları ádep-ikramlılıq qağıydaların buzǵan, sonıń ishinde turar jayǵa belgilengen waqıttan keshigip kelgen jasawshıdan bolǵan jaǵdayǵa anıqlıq kirgiziw maqsetinde túsinik xatın alıw hám tiyisli shara kóriw boyınsha oqıw orınları jaslar menen islesiw boyınsha prorektorına (direktor orınbasarı) usını kirgiziw;

náwbetshilik waqtında anıqlanǵan kemshilikler hám júzege kelgen jaǵdaylardıń aldın alıw maqsetinde oqıw orınları basshılıǵına usınıslar kirgiziw.

11. Náwbetshi tómendegi wazıypalardı atqaradı:

náwbetshilikti ótewge qatań túrde óz waqtında kirisiw hám náwbetshiliktiń tolıq ótelmey qalıwına jol qoymaw;

náwbetshilikke kiriskenligi haqqında Jaslar menen islesiw, ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq bólimi baslıǵı hám de tiyisli shólkemlerdi xabardar etiw hám soralǵan maǵlıwmatlardı jetkeriw;

náwbetshilik waqtında oqıw orınları jaslar menen islesiw ruwxıylıq-aǵartıwshılıq isleri boyınsha prorektordıń ruqsatısız náwbetshilikti taslap ketpew;

náwbetshilik baslanıwınan aldın hám juwmaǵı boyınsha náwbetshilikti dizimge alıw jurnalın jeke ózi toltırıw, belgilengen telefon nomerler arqalı tiyisli maǵlıwmatlardı jetkeriw, ayrıqsha jaǵdaylarda zárúr bolatuǵın telefon nomerleri dizimi barlıǵı, órt qáwipsizligi quralları, signalizaciyalar, turar jayda alıp barılıp atırǵan videobaqlaw úskeneleri, esik qulıpları hám basqalardıń sazlıǵın tekseriw, kemshilikler anıqlanǵan jaǵdaylarda turar jay baslıǵın xabardar etiw hám tiyisli jurnalda dizimge alıw;

turar jayda tazalıqqa, Studentler (oqıwshılar) turar jayı ishki tártip-qağıydaları hám oqıw ornı ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiliwin qatań qadaǵalaw, studentler menen túsindiriw, tárbiyalıq jumıslardı ámelge asırıw;

náwbetshilik baslanıwında hám tamamlanıw waqtında turar jay aymaǵın tekseriw;

gazeta hám jurnallardıń sońģı sanları menen támiyinlengenligin, olardıń saqlanıwın qadaǵalaw;

hár bir xananıń sanitariya-gigienalıq jaǵdayın, sonıń ishinde gigiena xanasın (hájetxana, monsha, asxana hám t.b.) tekseriw;

turar jaydaǵı bar santexnika qurılmaları, ıssılıq, gaz, elektr támiynatı sistemalarınıń jaǵdayın anıqlaw maqsetinde turar jay qabatların tekseriw hám olardan aqılǵa muwapıq paydalanıwdı qadaǵalaw;

jasaw xanalarında jasawshılar barlıǵın qaǵıyda túrinde jeke tekseriw (joqlama islew) hám tiyisli jurnalǵa kirgiziw, olar Studentler (oqıwshılar) turar jayı haqqındaǵı nızam, Studentler (oqıwshılar) turar jayı ishki tártip-qaǵıydaları hám oqıw orınları ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiwin, sebepli jaǵdaylarsız turar jayda bolmaǵan jasawshı anıqlanǵan jaǵdaylarda turar jay baslıǵın xabardar etiw;

turar jay qabatlarında tártip-qaǵıydalarǵa ámel etiliwin támiyinlew;

huqıq buzıwshılıqtıń aldın alıw, studentler menen sáwbet hám de tiyisli túsindiriwler ótkeriw, zárúrlik boyınsha másláhátler shólkemlestiriw;

studentlerdiń óz betinshe bilim alıwın tekseriw hám zárúr jaǵdaylarda járdem kórsetiw;

Studentler (oqıwshılar) turar jayı hám ishki tártip-qaǵıydalarına ámel etiliwin támiyinlew;

turar jayǵa keliwshilerdi qadaǵalaw;

turar jayǵa biygana shaxslardıń ruqsatsız kiriwine jol qoymaw, usı shaxslar anıqlanǵan jaǵdayda olardı turar jaydan shıǵıp ketiwi ushın zárúr sharalardı kóriw;

ayrıqsha jaǵdaylarda tiyisli operativ sharalardı kóriw;

kommunal xızmetlerde úzilis bolǵanda hám basqa avariyalıq jaǵdaylarda turar jay basshılıǵı ham oqıw ornı basshılıǵın xabardar etiw;

evakuaciya jobası, órt qáwipsizligi quralları hám signalizaciyalar ornalasqan orındı biliw hám olardan paydalana alıw;

náwbetshilik waqtında júz bergen tartıslı jaǵdaylardı saplastırıw;

náwbetshilik waqtında anıqlanǵan kemshilikler, sonıń ishinde turmıslıq-xojalıq tarawındaǵı nasazlıqlar, yaǵnıy ıssı suw hám suwıq suw, jaqtılıqlar menen támiyinlew, ulıwma paydalanıw orınlarınıń talapqa juwap bermewi, sonday-aq tártip buzıwshılıqlar haqqında náwbetshilikti dizimge alıw jurnalına jazıw hám tiyisli shaxslarǵa xabar beriw;

biygana shaxslar tárepinen qolaysız háreketler, huqıq buzıwshılıq háreketleri islengen jaǵdaylarda, turar jay baslıǵı hám oqıw orınları basshılıǵın xabardar etiw hám de huqıq qorǵaw organlarına xabar beriw;

turar jayda jasap atırǵan studentlerdi (oqıwshılar) joqlama etiw jurnalı usı nızamnıń 2-qosımshasında keltirilgen formaǵa muwapıq rásmiylestiriledi.

12. Náwbetshilik dawamında náwbetshiniń kórsetpeleri jasawshılar ushın májbúriy esaplanadı.

13. Náwbetshi turar jayda belgilengen waqıtta sırtqı esikler qulıplanıwın támiyinleydi hám jasawshılardı óz orınlarında bar yamasa joqlıǵı haqqında, sonday-aq turar jayǵa biygana shaxslar kelgen yamasa kelmegenligi haqqında Jaslar menen islesiw, ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq isleri bólimi baslıǵına maǵlıwmat beredi.

Náwbetshi náwbetshilik waqtında náwbetshilik xanasındaǵı mal-múlk, órt qáwipsizligi quralları, telefon, jaqtılıq hám hújjetler saqlanıwı ushın juwapker shaxs esaplanadı.

14. Turar jay baslıǵı náwbetshige náwbetshilik waqtında belgilengen tártip-qaǵıydalarǵa ámel etiliwin támiyinlewge hár tárepleme kómeklesedi.

## 5-bap. Juwmaqlawshı qaǵıydalar

15. Usı nızamǵa, náwbetshilik kestesine ámel etpew, náwbetshilikti ótewden bas tartıw – náwbetshilikti ótewge juwapkersizlik penen qatnas jasaw esaplanadı hám oqıw ornı ishki tártip-qaǵıydalarına muwapıq intizamlı juwapkershilik sharasın qollanıwǵa tiykar boladı. Usı jaǵday materiallıq zıyan jetkeriwge sebep bolsa, ol jaǵdayda xızmetker belgilengen tártipte materiallıq juwapkershilikke de tartıladı.

16. Náwbetshi óz xızmeti dawamında islengen huqıq buzıwshılıqlar ushın puqaralıq, basqarıw, jınayıy juwapkerlik haqqındaǵı nızam hújjetlerine muwapıq ta juwapker esaplanadı.